**दिन–रविवार** **दिनांक–31.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे देश के स्थानीय उत्पाद के बढ़ावा दब यानि वोकल फोर लोकल, आत्म निर्भर भारत आ विकसित भारतक मंत्रक संग आगां बढ़बाक होयत। आइ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे ओ कहलनि जे पावनि–तिहारक मौसम मे देशवासी लोकनि के स्वदेशीक बात नहि बिसरबाक चाही। श्री मोदी कहलनि जे उपहार, कपड़ा आ सजावटक उएह वस्तु ली, जे मेड इन इंडिया यानि भारत मे बनल हो अथवा भारतक सामग्री सँ तैयार भेल हो। जीवन सँ जुड़ल प्रत्येक चीज स्वदेशी हेबाक चाही। श्री मोदी बिहारक मुजफ्फरपुरक देवकी जीक उल्लेख करैत कहलनि जे ओ अपन मेहनति आ दूरदर्शिता सँ ई साबित कऽ देखौलनि जे सौर ऊर्जा मात्र बिजलीक साधन नहि अपितु किसानक आमदनी बढ़ावयबला एक नव शक्ति थीक। श्री मोदी जनौलनि जे पहिने जतऽ मात्र किछुए एकड़ जमीन मे सिंचाई भऽ पबैत छल, ओतहि आब सोलर दीदीक सौर पंप सँ चालीस एकड़ सँ बेसी क्षेत्र मे पानि पहुंचि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देवकी जीक प्रेरक काज सँ आब लोक हुनका सोलर दीदी कहय लागल छथि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सत्रह सितंबर के विश्वकर्मा जयंती अछि। श्री मोदी जनौलनि जे ई दिवस ओहि विश्वकर्मा बंधु के समर्पित अछि जे परंपरागत शिल्प, कौशल आ ज्ञान–विज्ञान के अनवरत एक पीढ़ी सँ दोसर पीढ़ी धरि पहुंचा रहल छथि। श्री मोदी कहलनि जे हिनक मददि लेल सरकार विश्वकर्मा योजना चलौलक अछि।

---

राजगीर मे खेलल जा रहल पुरूष एशिया कप हॉकी चैंपियनशिप मे आइ भारतीय टीम जापान के रोमांचक मोकाबिला मे तीन–दू सँ पराजित कऽ देलक। भारत पूल–ए मे अपन शुरूआती दुनू मैच जीत कऽ सुपर फोर मे प्रवेश कऽ गेल अछि। एहि सँ पूर्व इएह पूलक एक आन मोकाबिला मे चीन कजाकिस्तान के तेरह एक सँ हरौलक।

---

बिहार मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अतंर्गत दावा–आपत्ति लेल मात्र दू दिन शेष रहि गेल अछि। एकर अंतर्गत काल्हियो मतदान केन्द्र

सभ पर बीएलओ उपस्थित रहताह आ मतदाता लोकनि के दावा–आपत्ति समेत आनो आवश्यक काज मे मददि करताह। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एखन धरि दू लाख सत्ताईस हजार छओ सय छत्तीस मतदाता लोकनि प्रारूप सूची पर दावा–आपत्ति दर्ज करबौलनि अछि। ओतहि, मतदाता सूची मे नाम जोड़बाक लेल तेरह लाख तैंतीस हजार सात सय तिरानवे नव आवेदन प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————

सुप्रीम कोर्ट मे काल्हि मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण प्रक्रियाक अंतर्गत दावा–आपत्तिक समय सीमा बढ़ेबाक लेल दायर याचिका पर सुनवाई होयत।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कांग्रेस नेता राहुल गांधीक भोटर अधिकार यात्रा पर प्रश्न उठबैत कहलनि जे हुनका बिहार मे सुशासन पर सेहो चर्चा करबाक चाही। श्री चौधरी आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ कहलनि जे राज्य मे शांति–सुरक्षा आ सुशासनक सभ सँ पैघ उदाहरण ई अछि जे राहुल गांधीक भोटर अधिकार यात्रा पछिला दू सप्ताह सँ शांतिपूर्वक चलि रहल अछि।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता के.सी. त्यागी राजद नेता तेजस्वी यादवक डुप्लिकेट मुख्यमंत्रीवला बयान पर कहलनि जे इंडी गठबंधन मे सभ किछु ठीक नहि अछि। श्री त्यागी आइ दिल्ली मे जनौलनि जे एहि सँ पूर्व कांग्रेस नेता राहुल गांधी महागठबंधन मे मुख्यमंत्रीक सवाल पर चुप भऽ गेल छलाह, ओ कहलनि जे जाहि तरहे तेजस्वी यादव स्वयं के मुख्यमंत्रीक उम्मीदवार घोषित कऽ देलनि, ओहि सँ आगां विवाद बढ़त।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मुजौना गाम मे पैघ स्तर पर रक्तदान कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर गामक युवक आ युवती लोकनि बढ़ि–चढ़ि कऽ रक्तदान कऽ कतेको जिनगी बचेबाक संकल्प लेलनि।

मैथिली साहित्य महासभा दिस सँ एहि वर्षक मैसाम युवा सम्मान लेल साहित्यकार दीपिका चंद्राक चयन कयल गेल अछि। हुनक कविता संग्रह चौकठि सँ चान दिस लेल पच्चीस हजार टाकाक ई पुरस्कार हुनका भेटत।

सहरसा मे नगर विकास मंत्री जीवेश कुमारक अध्यक्षता मे नगर निकाय सभ द्वारा कयल जा रहल क्रियान्वयन स्थितिक विस्तृत समीक्षा कयल गेल।

सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज प्रखंड मे स्थानीय कलाकार लोकनिक बैसार मे कलाकार पेंशन योजना लेल बेसी सँ बेसी कलाकारक पंजीयन हेतु प्रेरित कयल गेल।

---

समाप्त